



# Odyans sou Edikasyon Espesyal

**Sa pou w atann nan  
Divizyon Odyans sou  
Edikasyon Espesyal OATH la**

**Biwo Pwosè ak Odyans Administratif**

66 John Street, New York, NY 10038

## Tab de Matyè

<b>Dosye Edikasyon Espesyal yo nan OATH</b> .....	<b>1</b>
<b>Edikasyon Piblik Gratis Apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE)</b> .....	<b>2</b>
<b>Dwa a yon Avoka</b> .....	<b>2</b>
<b>Pou Jwenn yon Odyans</b> .....	<b>3</b>
<b>Anvan Odyans Ou a</b> .....	<b>3</b>
1. Repons Distrik la .....	3
2. Litispanans oswa “Pa Chanje Anyen” .....	3
3. Seyans ak Delè pou Rezolisyon.....	4
4. Konferans pou Antant .....	5
5. Konferans Anvan Odyans .....	5
6. Divilgasyon .....	6
<b>Pandan Odyans Ou a</b> .....	<b>7</b>
1. Ki Kote .....	7
2. Dwa Paran yo .....	7
3. Obligasyon pou Bay Prèv.....	7
4. Pyès yo .....	7
5. Deklarasyon Ka yo .....	8
6. Temwen yo .....	8
7. Dènye Deklarasyon yo .....	9
<b>Aprè Odyans Ou a</b> .....	<b>10</b>
1. Transkripsyon yo.....	10
2. Desizyon .....	10
3. Apèl .....	10
4. Aplikasyon .....	10
<b>Èske w ap Bezwen Yon Entèprèt?</b> .....	<b>11</b>
<b>Plis Enfòmasyon</b> .....	<b>11</b>

## Egzonerasyon Responsabilite Enpòtan

Enfòmasyon ki pibliye la a fèt pou ede piblik la e li pa fèt pou sèvi kòm konsèy nan zafè dwa. Enfòmasyon sa yo pa gen okenn siyifikasyon ni jiridik ni kòm presedan e yo pa ka ofri yo ni nan OATH ni okenn lòt kote ni kòm otorite jiridik ni kòm presedan. Nou pa epi ou pa dwe sipoze nou fè okenn deklarasyon ni bay okenn garanti ke enfòmasyon ki pibliye la a korèk oswa konplè ni nan jan yo ekri an si nan sa yo di an, epi OATH p ap responsab okenn erè oswa bagay ki manke. An patikilye, nou pa fè epi ou pa dwe sipoze okenn deklarasyon ni garanti ke règ yo, lwa yo, lòd yo, desizyon yo, oswa lòt resous jiridik ki sou sit entènèt sa a korèk oswa dekri konplètman la a, epi OATH p ap responsab okenn erè oswa bagay ki manke. Itilizatè yo dwe gade sous jiridik ofisyèl pou detèmine lwa sibstansyèl ak pwosedi jidisyèl ki aplikab yo, sa gen ladan sa ki ekri nan nenpòt règ, lwa, lòd, desizyon, oswa lòt resous jiridik nou mansyone la a.

## Dosye Edikasyon Espesyal yo nan OATH



Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap la (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ak Seksyon 504 nan Lwa sou Reyabilitasyon (Rehabilitation Act) 1974 la (Seksyon 504) se lwa federal yo ye.

IDEA asire pou elèv ki gen andikap yo resevwa sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye.

Seksyon 504 entèdi diskriminasyon kont elèv oswa paran ki gen andikap.

Lè yon paran ak yon distrik lekòl pa dakò sou sèvis yon elèv ta dwe resevwa dapre lwa sa yo, odyans enpasyal pa vwa nòmal se yon fason pou rezoud konfli an. Nan Vil New York, Depatman Edikasyon an (Department of Education, DOE) se “Distrik” la.

Yon odyans enpasyal pa vwa nòmal se tankou yon sal tribinal men li mwen fòmèl. Se yon Ajan Odyans Enpasyal (Impartial Hearing Officer, IHO), yon avoka ki gen sètifikasyon Depatman Edikasyon Eta New York la, ki pral pran desizyon sou dosye a. Djòb IHO a se koute toude pati yo epi deside sa, si ka a prezante, ki mal pase ak kijan pou ranje li.

Dokiman sa a dekri sa pou w atann lè yo bay yon IHO nan Biwo Pwosè ak Odyans Administratif (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH) Vil New York la okipe dosye w la.

## Edikasyon Piblik Gratis Apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE)

**FAPE:** Distrik la dwe ofri chak timoun ki kalifye pou sèvis edikasyon espesyal yon Edikasyon Piblik Gratis Apwopriye. Konfli sou edikasyon espesyal yo gen dwa konsène “fon” an oubyen “pwosedi” yo.

**Konfli sou fon yo** konsène kalite ak kantite sèvis ki apwopriye yo pou Elèv la. Paregzanp, revandikasyon sou fon gen dwa gen ladan yo dezakò sou èske wi ou non Pwogram Edikasyon Endividyalize a (Individualized Education Program, IEP) bay Elèv la èd li bezwen an nan lekti, oswa èske wi ou non yon lekòl ka reponn bezwen Elèv la.

**Konfli sou pwosedi yo** se sou èske wi ou non Distrik la te suiv pwosesis yo ki nan lwa a pou fè evalyasyon oswa pou IEP. Paregzanp, revandikasyon sou pwosedi yo gen ladan yo èske wi ou non ekip IEP a te rankontre san Paran an oswa èske wi ou non evalyasyon yo te fèt nan delè obligatwa yo.

**Sa yo se sèlman kèk egzanp kalite dezakò ki kapab rezoud pase pa yon odyans enpasyal pa vwa nòminal.**

## Dwa a yon Avoka

Ou gen dwa pou w konsilte yon avoka. Ou ka mennen yon avoka oswa yon defansè dwa tou nan odyans ak konferans ou yo. Si ou anboche yon avoka epi ou genyen nan odyans ou a, ou ka gen dwa a ranbousman nan men Distrik la pou depans ou te fè nan frè rezonab pou avoka. Gen anpil òganizasyon ki ofri èd gratis oswa bon mache pou fanmi yo nan Vil New York ki nan pwosesis odyans sou edikasyon espesyal la. W ap jwenn yon [lis Sant pou Paran Edikasyon Espesyal, Sèvis Jiridik ak Òganizasyon Defans Dwa](#) sou [sit entènèt OATH la](#). Tanpri reflechi sou kontakte youn nan òganizasyon sa yo pou yo ede ou konprann pwosesis odyans la oswa si ou bezwen èd pou jwenn yon avoka oswa yon defansè dwa.

**Atansyon: Lis pasyèl òganizasyon sèvis jiridik sa a se kòm sèvis piblik nou bay li. OATH pa bay konsèy jiridik epi li pa rekòmande okenn avoka ni òganizasyon.**

## Pou Jwenn yon Odyans

Yon Paran oswa Distrik la ka depoze yon Plent pa Vwa Nòmal (Due Process Complaint, DPC) pou mande yon odyans enpasyal pa vwa nòmal. DPC an dwe eksplike pwoblèm nan (oswa sa Distrik la pa t fè byen an) epi pwopoze kijan pou Distrik la ranje pwoblèm nan. W ap jwenn enfòmasyon sou kijan pou depoze yon DPC sou sit entènèt DOE a, [isit la](#).

## Anvan Odyans Ou a

### 1. Repons Distrik la

Lè ou depoze yon DPC, Distrik la dwe reponn alekri nan yon delè 10 jou sòf si li deja voye pou ou yon dokiman ki rele Preyavi Ekri (Prior Written Notice, PWN) k ap pale de tout pwoblèm ki nan DPC an.

### 2. Litispandans oswa “Pa Chanje Anyen”

Pandan yon odyans, Elèv la gen dwa a pwogram ak sèvis Paran ak Distrik la te mete yo dakò sou yo anvan dezakò a te rive. Sèvis sa yo rele “Pa Chanje Anyen” oswa “Litispandans”. Sèvis litispandans yo dwe antre an vigè touswit apre depo DPC an epi ou p ap bezwen ranbouse yo, menm si ou fini pa pèdi nan dosye a.

Si oumenm ak Distrik la pa ka mete nou dakò sou sèvis Litispandans, ou ka mande IHO a pou yon Odyans Litispandans.

Odyans Litispandans yo se odyans kout kote toude pati yo di sa yo panse ki te dènye sèvis yo te mete yo dakò sou yo ke Elèv la dwe resevwa kòm sèvis Litispandans. IHO a ap deside sa sèvis Litispandans yo ap ye. Oumenm oswa distrik la ka fè apèl desizyon IHO a sou Litispandans la (gade paj 9 pou enfòmasyon sou apèl).

### 3. Seyans ak Delè pou Rezolisyon

Lè ou fin depoze yon DPC, oumenm ak Distrik la jeneralman gen 30 jou kalandriye pou nou eseye rezoud dosye a poukont nou. Sa rele Peryòd Rezolisyon an. Distrik la dwe planifye yon “Reyinyon pou Rezolisyon” nan 15 jou pou pi ta apati de lè ou depoze DPC an.

***Li enpòtan pou reponn envitasyon sa a poutèt odyans la ka retade oswa anile si ou pa patisipe nan Reyinyon pou Rezolisyon an***

Objektif Reyinyon pou Rezolisyon an se pou ou ak Distrik la fè chita pale sou dosye a epi eseye rezoud pwoblèm yo ki nan DPC an. Reyinyon pou Rezolisyon an dwe gen ladan yon moun Distrik la ki gen enfòmasyon sou dosye a ak pouvwa pou rezoud pwoblèm yo ki nan DPC an.

An jeneral, Peryòd Rezolisyon an fini 30 jou apati de lè ou depoze DPC an. Si oumenm ak Distrik la rankontre epi nou pa ka arive a yon rezolisyon, ou ka mande IHO a pou li mete fen nan Peryòd Rezolisyon an pi bonè.

***Lè Peryòd Rezolisyon an fini, IHO a gen 45 jou pou li òganize yon odyans, egzaminen prèv yo, epi bay yon desizyon final.*** Dènye delè 45 jou a rele “dat konfòmite.” Si oumenm oswa Distrik la bezwen plis tan, alòs oumenm oswa Distrik la ka mande IHO a pou li rekile dat konfòmite a.

***Dosye sou Zafè Disiplinè:*** Delè yo diferan si DPC ou an gen pou wè ak wete pitit ou a nan lekòl li poutèt rezon disiplinè. Peryòd rezolisyon an pou dosye sou zafè disiplinè se 15 jou, epi Distrik la dwe planifye yon Reyinyon pou Rezolisyon nan 7 jou apati de DPC an pou pi ta. Gen yon odyans ki dwe fèt nan yon delè 20 jou lekòl apati de lè yo depoze DPC an. Yon desizyon dwe pran nan yo delè 10 jou lekòl apre odyans la.

#### 4. Konferans pou Antant

Nan finisman Peryòd Rezolisyon an, IHO a gen dwa envite ou ak Distrik la nan de (2) reyinyon youn dèyè lòt: Yon Konferans pou Antant ak yon Konferans Anvan Odyans (Pre-Hearing Conference, PHC). Toude nòmalman fèt pa videyokonferans.

***Li enpòtan pou reponn tout envitasyon IHO yo. Dosye w la gen dwa retade oswa anile si ou pa patisipe.***

Nan yon Konferans pou Antant, yon Ajan Antant ap rankontre avèk ou ak Distrik la pou wè si nou ka arive a yon antant total oswa pasyèl. Si oumenm ak Distrik la vle antann nou san odyans, toude pati yo dwe vini nan reyinyon sa a avèk enfòmasyon ak otorizasyon ki nesesè a pou fè yon akò antant.

Yo pa mete konferans pou antant yo nan dosye a. Tout òf antant ki fèt nan konferans sa a konfidansyèl. Sa vle di yo pa ka prezante diskisyon pou antant la pi ta kòm prèv nan yon odyans.

#### 5. Konferans Anvan Odyans

Si tout pwoblèm yo pa rezoud nan Konferans pou Antant la, ou prale touswit nan yon Konferans Anvan Odyans (PHC) avèk IHO yo mete sou dosye a pou li pran desizyon sou dosye w la. Y ap anrejistre PHC an. Apre sa, w ap resevwa oswa yon transkripsyon tout bagay ki te di yo oswa yon rezime ekri nan men IHO a.

Pandan PHC an, IHO a ap poze kesyon tankou

- Kisa ki pou deside nan odyans la?
- Konbyen temwen k ap genyen?
- Èske gen youn nan pati yo ki bezwen yon “manda” pou [temwen](#) oswa pou [dokiman](#) y ap bezwen nan odyans yo a? (W ap jwenn enstriksyon detaye pou manda ak fòmilè manda yo sou [sit wèb OATH la](#).)

IHO a ap mande tou si gen yon moun ki bezwen sèvis lang oswa akomodasyon pandan odyans la. Nan PHC an, IHO a nòmalman fikse yon dat pou odyans la.



## 6. Divilgasyon

Omwen 5 jou ouvrab anvan odyans la, chak pati dwe voye bay lòt pati an epi bay IHO a tout dokiman yo vle itilize nan odyans la. Yo rele sa “divilgasyon.” Divilgasyon an ka gen ladan evalyasyon, rezilta tèst, lèt, ak lòt prèv ou vle prezante nan odyans la.

Chak pati dwe bay tou non temwen yo gen lentansyon fè vin temwaye yo. Ou dwe fè yon ti rezime de sou kisa chak temwen pral fè temwayaj li an. W ap jwenn yon fòmilè lis temwen, ak enstriksyon detaye sou kijan pou w itilize li, sou [sit entènèt OATH la](#).

Divilgasyon yo se pou garanti toude pati yo gen chans san patipri pou yo pare pou odyans la. Si nenpòt nan pati yo pa fè divilgasyon oswa pa bay non temwen yo omwen 5 jou ouvrab anvan odyans la, lòt pati an gen dwa anpeche pou yo prezante prèv sa yo.

## Pandan Odyans Ou a

### 1. Ki Kote

Odyans yo nòmalman fèt vityèlman pa videyokonferans oswa pa telefòn. Di IHO a sa si ou vle pou odyans ou a fèt an pèsonn.

### 2. Dwa Paran yo

Nan yon odyans, ou gen dwa pou:

- prezante prèv epi fè temwen vini epi bay temwayaj yo
- poze temwen Distrik la kesyon ak entèwoje yo
- resevwa yon transkripsyon ekri odyans la gratis
- Elèv la prezan
- fè odyans la ouvè pou piblik la
- reprezante tèt ou oswa anboche yon avoka oswa yon defansè dwa pou reprezante ou

### 3. Obligasyon pou Bay Prèv

Dapre lwa Eta New York, se djòb Distrik la (yo rele li tou “obligasyon”) pou li prezante dokiman epi pèsyade IHO a sou chak eleman nan dosye a, sòf nan yon sèl eksepsyon: Paran ki mete pitit yo nan lekòl prive epi ki mande pou Distrik la peye pou ekolaj timoun nan gen obligasyon pou yo pèsyade IHO a ke lekòl prive a apwopriye.

Poutèt sa, Distrik la nòmalman prezante ka li an anvan.

### 4. Pyès yo

Toude pati yo gen dwa pou yo prezante prèv. Pami prèv yo gen dokiman oswa lòt enfòmasyon ou vle pou IHO a konsidere anvan li pran yon desizyon final (evalyasyon, rezilta tès, imèl, videyo, rapò, elatriye).

Jou odyans la, chak pati dwe pote yon lis tout prèv yo vle pou IHO a aksepte pou yo mete nan dosye ofisyèl la, yo rele sa yon “lis pyès.” W ap jwenn enstriksyon detaye ak yon [fòmilè Lis Pyès](#) sou [sit entènèt OATH la](#).

Distrik la gen dwa di la pa dakò ak kèk oswa ak tout pyès ou yo. Si yo di yo pa dakò, ou gen dwa oblije eksplike sa dokiman oswa bagay la ye, kijan ou fè jwenn li, ak poukisa li enpòtan. IHO a ap deside si wi ou non l ap aksepte pyès la.

## 5. Deklarasyon Ka yo

Nan kòmansman odyans la, chak pati ka chwazi fè yon deklarasyon ka. Deklarasyon ka a se chans fè rezime dosye a ak ki prèv chak pati gen lentansyon prezante.

Nan deklarasyon ka yo, Paran yo souvan di poukisa oswa kijan Distrik la pa t ofri Elèv la yon edikasyon piblik gratis apwopriye (FAPE) ak ki kalite lekòl, kou, oswa lòt sèvis ki nesèsè pou ranje pwoblèm nan.

Distrik la gen dwa di si wi ou non li panse Distrik la te ofri yon FAPE ak poukisa Distrik la pa dakò avèk solisyon Paran an ap pwopoze a.

## 6. Temwen yo

Aprè deklarasyon ka yo, chak pati gen chans pou li rele tewmen epi poze yo kesyon. Chak moun ki temwaye nan odyans la dwe prete sèman devan IHO a.

Repons tewmen yo se prèv e yo ede IHO a pran desizyon sou sa ki pase nan dosye a. Temwen yo gen dwa pale de tout bagay ki gen rapò ak dosye a, sa gen ladan konpetans akademik, sosyal, ak emosyonèl Elèv la, kijan yo te elabore yon evalyasyon oswa yon IEP, oswa ki sèvis Elèv la bezwen pou fè pwogrè.

Oumenm oswa avoka w la gen dwa montre temwen yo dokiman tou, tankou yon evalyasyon, epi poze temwen an kesyon sou dokiman sa a.

**Temwen Distrik la** se souvan moun ki te vini nan reyinyon sou IEP a, pwofesè, terapis, ak lòt moun ki konn Elèv la.

- Apre chak temwen, lòt pati an ap gen chans “entèwoje” temwen an – sa vle di oumenm oswa avoka w la gen dwa poze kesyon sou nenpòt sijè ki gen rapò ak odyans la.

- IHO a gen dwa poze temwen yo kesyon. Pwosesis la ap rekòmanse jiskaske yo fin rele tout temwen yo.

**Temwen paran yo** se souvan pwofesè, founisè sèvis, evalyatè, oswa lòt moun ki konn Elèv la.

- Paran yo ka temwaye tou nan pwòp dosye pa yo. Si ou gen yon avoka oswa yon defansè dwa, moun sa a ka poze ou kesyon. Si w ap reprezante tèt ou, ou ka fè yon lis kesyon epi poze yo oumenm oswa ou ka mande yon zanmi oswa IHO a pou li kesyon yo pou ou. Ou ka rakonte sa ki pase a tou, sa ki vle di w ap annik “rakonte bagay yo jan ou wè yo a.”
- Lè chak nan temwen ou yo fin temwaye, Distrik la ap gen chans entèwoje yo. IHO a gen dwa poze kesyon tou.

## 7. Dènye Deklarasyon yo

Nan finisman odyans la nèt, toude pati yo ap gen chans pou yo di ankò sa y ap mande IHO a òdone epi pou yo rezime lwa ak fè (temwayaj temwen ak dokiman) ki kore pozisyon yo a. Dènye deklarasyon yo kapab fèt avivwa (“sou anrejistreman an”) nan finisman odyans la oswa alekri apre odyans la.

## Apres Odyans Ou a

### 1. Transkripsyon yo

Après odyans la, w ap resevwa yon transkripsyon ekri tout sa ki te di sou anrejistreman an nan odyans ou a. Si ou bezwen transkripsyon an pou ekri dènye deklarasyon ou an, ou ka mande IHO a tan pou fè sa.

### 2. Desizyon

Lè odyans la fin fini, IHO a pral bay yon “Konstatasyon Fè ak Desizyon (Finding of Fact and Decision, FOFD)”. Nan FOFD an, IHO a pral deside si wi ou non Distrik la te ofri Elèv la yon FAPE oswa l ap pran desizyon sou nenpòt ki lòt pwoblèm. Si IHO a deside Distrik la pa t ofri yon FAPE, FOFD an ap di kisa, si gen yon bagay ki pou fèt, pou Distrik la fè pou ranje pwoblèm nan.

### 3. Apèl

**Revandikasyon ki gen rapò ak IDEA:** Si ou pa dakò ak yon Lòd Litispandans oswa ak yon FOFD, ou gen dwa fè apèl a yon Ajan Revizyon Eta a (State Review Officer, SRO) nan Depatman Edikasyon Eta New York la. Si ou gen lentansyon fè apèl, ou dwe fè Distrik lan konn sa nan yon delè 25 jou après lòd la. Ou dwe depoze apèl la nan yon delè 40 jou après lòd la. Distrik la dwe suiv menm règ yo si l ap fè apèl. Chak Lòd Litispandans ak chak FOFD gen ladan enfòmasyon sou kijan pou fè apèl.

**Revandikasyon ki gen rapò ak 504:** Si ou pa dakò ak desizyon on IHO nan kad seksyon 504, ou dwe depoze yon kontestasyon nan Tribinal Federal Rejyonal la nan yon delè 90 jou.

### 4. Aplikasyon

Si IHO a bay lòd pou Distrik la ofri sèvis oswa peye pou lòt reparasyon, Inite Enpasyal pou Aplikasyon Lòd yo Bay nan Odyans (Impartial Hearing Order Implementation Unit) DOE a pral travay avè w oswa avèk avoka w la pou garanti DOE obeyi lòd la. Pou plis enfòmasyon, ale sou [sit entènèt DOE a](https://infohub.nyced.org/working-with-the-doe/special-education-providers/impartial-hearing-order-implementation-unit) nan <https://infohub.nyced.org/working-with-the-doe/special-education-providers/impartial-hearing-order-implementation-unit>.

## Èske w ap Bezwen Yon Entèprèt?

Si ou bezwen yon **entèprèt** pou odyans ou a, OATH ap ba ou youn gratis.

Anplis de sa, OATH ofri **tradiksyon dokiman** gratis. Si ou gen dokiman nan yon lang ki pa anglè mande IHO w la pou tradiksyon gratis.

## Plis Enfòmasyon

W ap jwenn plis enfòmasyon disponib nan **Yon Gid pou Paran: Edikasyon Espesyal nan Eta New York pou Timoun ki gen Laj depi 3 jiska 21 Ane**, disponib sou sit entènèt Depatman Edikasyon Eta New York la (New York State Education Department, NYSED) nan

<https://www.p12.nysed.gov/specialed/publications/policy/parentsguide.pdf>

W ap jwenn **Lwa ak Règleman Eta New York yo** ki Gen pou Wè ak Edikasyon Espesyal ak Elèv ki gen Andikap sou sit entènèt NYSED a nan

<http://www.nysed.gov/special-education/new-york-state-laws-and-regulations-related-special-education-and-students>

W ap jwenn **fòmilè OATH yo** nou dekri pi wo a la a sou sit entènèt OATH la nan

<https://www.nyc.gov/site/oath/special-ed/forms.page>

- **Fòmilè Avi Konparisyon:**  
[https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD\\_Notice-of-Appearance-w-instructions-CR.pdf](https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD_Notice-of-Appearance-w-instructions-CR.pdf)
- **Manda pou Bay Dokiman (avèk enstriksyon):**  
[https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD\\_Document-Subpoena-w-intrusions-CR.pdf](https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD_Document-Subpoena-w-intrusions-CR.pdf)
- **Manda pou Konparèt kòm Temwen (avèk enstriksyon):**  
[https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD\\_Witness-Subpoena-w-instructions-CR.pdf](https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD_Witness-Subpoena-w-instructions-CR.pdf)
- **Lis Pyès:** <https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD-Parent-Exhibit-List-HAT.pdf>
- **Lis Temwen:** <https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/SEHD-Parents-Witness-List-HAT.pdf>
- **Lis Sant pou Paran ak Òganizasyon Defans Dwa:**  
<https://www.nyc.gov/assets/oath/downloads/pdf/Parent-Centers-Advocacy-Orgs-HAT.pdf>